



Pou Piblikasyon Imedya: 6/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLASYON POU REPRIME APÈL  
TELEMAKETIN ENDEZIRAB YO**

***Lejislasyon (S.8450-B/A.8319-C) egzije telemaketè yo bay kliyan opsyon pou yo ajoute yo nan lis nimewo ke konpayi an p ap rele nan kòmansman kèk apèl telefonik yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon lejislasyon pou reprime apèl telemarketin endezirab yo. Lejislasyon (S.8450-B/A.8319-C) egzije telemaketè yo bay kliyan opsyon pou yo ajoute yo nan lis nimewo ke konpayi p ap rele nan kòmansman kèk apèl telemarketin. Nouvo lejislasyon an pral ede pwoteje Nouyòkè yo kont apèl kontinyèl endezirab yo.

"N ap ogmante efò nou yo pou bay Nouyòkè yo yon repo kont apèl telemaketi yo pa mande yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan twò lontan, Nouyòkè yo ap fè fas ak apèl nwizans sa yo, yo pa konnen yo ka evite entèraksyon sa yo lè yo te ajoute yo nan lis ke telemaketè yo p ap rele. Nouvo lejislasyon sa a pral pwoteje Nouyòkè yo pou yo pa resevwa apèl ki fwistran, ki endezirab lè yo pi byen bay enfòmasyon sou lis pou yo pa rele yo."

Lejislasyon (S.8450-B/A.8319-C) egzije telemaketè yo bay kliyan opsyon pou yo ajoute yo nan lis nimewo ke konpayi p ap rele nan kòmansman kèk apèl telemarketin, touswit apre yo bay non telemaketè a ak non demandè a. Dapre lalwa aktyèl la, telemaketè yo oblije enfòmè moun yo ke yo ka mande pou yo ajoute nan lis konpayi an p ap rele. Sepandan, konsomatè yo anjeneral rakwoche anvan yon telemaketè oswa anrejistremman te mansyone lis resevwa apèl la, sa ki pèmèt telemaketè yo kontinye rele yo plizyè fwa. Lè yo bay konsomatè yo enfòmasyon sou lis pou yo pa rele nan kòmansman apèl telemaketin lan, lejislasyon sa a pral asire ke Nouyòkè yo pwoteje kont apèl endezirab san rete.

**Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare,** "Plike frekans apèl nwizans yo ap kontinye ogmante, nou prale pi lwen pou pwoteje Nouyòkè yo kont apèl kontinyèl endezirab yo. Pandan twò lontan, telemaketè yo te pwofite opòtinite pou kache opsyon enskripsyon nan lis pou yo pa rele yo nan fen mesaj yo; sa sispann kounye a. Mwen rekonesan pou patenarya Manm Asanble Paulin ak sipò Gouvènè Hochul pandan n ap bay rezidan New York yo pwoteksyon enpòtan yo."

**Manm Asanble Amy Paulin te deklare,** "Apèl wobo yo se yon nuizans chak jou epi yo pa gen okenn avantaj pou moun oswa kominote yo. Lè nou egzije telemaketè yo pou enfòmè moun yo nan kòmansman yon apèl ke yo ka ajoute yo nan yon lis ke yo p ap rele, nou ap fèmen pòt la sou pwoblèm omniprezan sa a. San etap sa a, pifò moun pral rakwoche telefòn yo anvan yo enfòmè yo ke ka ajoute yo nan lis ke yo p ap rele. Mwen fyè dèske mwen te patwone lejislasyon sa a ak Senatè Eta New York Jeremy Cooney epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou franchi etap sa a pou ede konbat flewo apèl wobo k ap ravaje Nouyòkè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418